

## Si Ou Genyen yon Enkyetid oswa...



### **Department of Children and Families Abuse Hotline (Liy Dirèk Depatman Abi sou Timoun ak Fanmi), 1-800-96-ABUSE**

1317 Winewood Boulevard, Building 1, Room 202, Tallahassee, Florida

Fè rapò sou entènèt: <https://reportabuse.dcf.state.fl.us>

Pou fè rapò pou abi, neglijan, oswa eksplwatasyon, tanpri rele gratis nan 1-800-962-2873. Liy Dirèk Abi a ap envestige akizasyon sou abi fizik, seksyèl e mantal, neglijan, ak eksplwatasyon moun ki plis riske viktim yo.

### **Department of Elder Affairs State Long-Term Care Ombudsman Hotline (Liy Dirèk Pwotektè Swen Alontèm Depatman pou Afè Granmoun nan Eta a) 1-888-831-0404**

4040 Esplanade Way, Suite 380, Tallahassee, FL 32308

Imèl: [LTCOPInformer@elderaffairs.org](mailto:LTCOPInformer@elderaffairs.org)

Pou pale ak yon divizyon ekstèn konsènan enkyetid oswa diskriminasyon nan yon etablisman swen alontèm, oswa transfè oubyen egzeyat ki pa apwopriye nan yon etablisman swen enfimye oswa doleyans tankou sa yo ki gen pou wè ak swen oswa tretman ou te resevwa, ansanm ak sa pou pa te resevwa, konpòtman manm pèsònèl oswa lòt rezidan, ak lòt enkyetid konsènan sejou ou pou LTC, tanpri kontakte nimewo telefòn apèl gratis Pwogram Pwotektè Swen Alontèm lan nan 1-888-831-0404 pou jwenn asistans yon defansè volontè.

### **Agency for Health Care Administration Hotline (Liy Dirèk Ajans pou Administrasyon Swen Sante) 1-888-419-3456**

2727 Mahan Drive, Tallahassee, Florida 32308

Imèl: [CAU@ahca.myflorida.com](mailto:CAU@ahca.myflorida.com)

Pou fè rapò yon plent ak State Survey Agency (Ajans Ankèt Eta) a konsènan nenpòt vyolasyon regleman etablisman swen enfimye eta oswa federal yo vyole, tankou abi, neglijan, eksplwatasyon rezidan oswa abi pwopriyete rezidan nan etablisman an, ak moun ki pa konfòme ak egzijans pou gen yon enstriksyon davans ak demann pou enfòmasyon pou retounen nan kominote a, tanpri rele nimewo pou apèl gratis 1-888-419-3456 (peze Opsyon 1), oswa ale nan [ahca.myflorida.com/Contact/call\\_center.shtml](http://ahca.myflorida.com/Contact/call_center.shtml). Si enkyetid ou yo reprezante yon posiblite vyolasyon regleman, Ajans lan pral fè enspeksyon plent la.

### **Disability Rights Florida (Dwa nan Florid pou Andikap)**

2473 Care Drive, Suite 200, Tallahassee, Florida 32308

1-800-342-0823

Imèl: [executivedirector@disabilityrightsflorida.org](mailto:executivedirector@disabilityrightsflorida.org)

Pou fè rapò pou yon manm pèsònèl nan yon etablisman swen sante ki pa te fè aranjman rezonab pou reponn a bezwen ou gen prezizeman oswa ki te fè diskriminasyon kont ou akòz yon andikap, tanpri rele nimewo pou apèl gratis 1-800-342-0823.

### **Florida Department of Elder Affairs Elder Helpline (Liy Dirèk Depatman Zafè Moun Aje Florid) 1-800-96-ELDER (1-800-963-5337)**

4040 Esplanade Way, Tallahassee, FL 32399-7000

Imèl: [information@elderaffairs.org](mailto:information@elderaffairs.org)

Pou konnen si ou menm oswa yon pwòch ou kalifye pou resevwa pwogram nan kay oswa nan kominote, tanpri rele Liy Dirèk pou Moun Aj a.

### **Bureau of Medicaid Program Integrity (Biwo pou Entegrite Pwogram Medicaid) 1-888-419-3456**

Agency for Health Care Administration (Ajans pou Administrasyon Swen Sante), 2727 Mahan Drive, MS#6, Tallahassee, FL 32308

Imèl: [MPIComplaints@ahca.myflorida.com](mailto:MPIComplaints@ahca.myflorida.com)

Pwogram pou Entegrite Medicaid fè odit pou envestige founisè yo sispèk ki reklame twòp lajan oswa ki fè fwòd nan pwogram Medicaid Florid la. Si w santi yo te fè ou peye pou sèvis ke Medicaid ta dwe peye, oswa si yon moun voye bòdwo bay konpayi Medicaid pou sèvis li pa te bay, divizyon sa a ap mennen ankèt sou pratik faktirasyon Medicaid la pou detèmine si yo te apwopriye. Pou fè rapò yon plent, tanpri rele nimewo pou apèl gratis 1-888-419-3456, oswa ale sou sitwèb Ajans la nan [http://ahca.myflorida.com/Executive/Inspector\\_General/mcicaid.shtml](http://ahca.myflorida.com/Executive/Inspector_General/mcicaid.shtml).

### **Medicaid Fraud Control Unit (Divizyon Kontwòl Fwòd Medicaid), 1-866-966-7226**

Office of Attorney General, State of Florida, The Capitol PL-01, Tallahassee, FL 32399-1050

Fwòd nan Medicaid vle di yon founisè swen sante ki fè espere fè yon twonpri oswa defòmasyon epi li konnen twonpri sa a pral lakòz limenm oswa kèk lòt moun resevwa avantaj ki pa otorize. Sa gen ladan nenpòt zak ki konsidere kòm fwòd selon lwa federal osnon Eta ki aplikab pou sa ki konsène Medicaid. Pou fè rapò pou yon fwòd ou sispèk ki fèt nan Medicaid, tanpri rele Pwokirè Jeneral la nan nimewo apèl gratis 1-866-966-7226.

Dapre lwa Florid, apre yon dosye kriminel te abouti nan yon amann, yon penalite, oswa konfiskasyon byen, ou ka andwa pou w yon rekonpans poutèt ou bay enfòmasyon. Montan rekonpans lan ka rive jouk nan 25 pousan montan yo rekipere a, oswa yon maksimòm \$500,000 pou chak ka.

*Moun k ap rele yo, ka mande pou yo rete anonim.*

Yo otorize e ankouraje moun fè kopi afich sa a.

Pou w jwenn yon kopi, tanpri ale sou entènèt nan: <http://ahca.myflorida.com/publications/Publications.shtml>, epi klike sou "Hotline Poster" nan seksyon "Nursing Home Links". Afich sa a annakò ak obligasyon afichaj pou founisè ki anba kontwòl AHCA yo nan Lwa Florid 400.141 ak 408.810.